

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kasénian mangrupa salasahiji unsur tina kabudayaan. Kasénian téh kudu dimekarkeun ngarah tetep dipikaresep ku balaréa sarta henteu tinggaleun jaman, kasénian anu bisa nyaluyukeun jeung parobahan pola kahirupan masarakatna bakal tetep nanjeur, sedengkeun anu teu bisa nyaluyukeun bakal tumpur. Kabeungharan urang Sunda salasahijina katémbong tina kasénianana. Salasahiji kasénian sunda anu masih kénéh hirup di tengah kaayaan lingkungan nu sarwa modérn, masih dipiara ogé dipikaresep ku masarakatna nya éta kasénian Bénjang.

Panalungtikan ngeunaan kandaga kecap dina kasénian Bénjang ieu mangrupa salasahiji tarékah pikeun ngawanohkeun deui budaya sunda anu kiwari masih kénéh aya dikieuna. Anu ngadadasaran ieu panalungtikan dipilih nyaéta perluna ngawanohkeun deui kasénian Bénjang ku cara ngadéskripsikeun sarta ngadokuméntasikeun naon anu disebut kasénian Bénjang, sarta kandaga kecap anu geus meunang nalungtik bisa dijadikeun referénsi bahan ajar basa Sunda di satingkat SMP.

Kandaga kecap anu nyampak dina kasénian Bénjang bisa dianalisis dumasar kana kecap anu digunakeun, widang istilah, warna kecap, wangun kecap sarta implikasina kana bahan pangajaran.

Dumasar hasil analisis data, bisa dicindekkeun di handap ieu: (1) ujungberung mangrupa hiji daérah anu kasohor masih kénéh miara kasénian

tradisional. Salasahijina nya éta Bénjang. Hiji kasenian tradisional anu kiwari masih kénéh aya dikieuna, dipiara sarta dipikaresep. Nepi ka kiwari tacan aya kacindekan iraha kasenian ieu lahir, ngan sakur pada apal yéh Bénjang téh mimiti mekar jeung pada mikawanoh ku masarakat loba téh sekitar taun 1920an. Kaayeunakeun ti mimiti taun 1970an loba kreasi ti para pamaén Bénjang pikeun nambahan daya pangirut ieu kasenian. Kasenian Bénjang ieu awal mulana ngan sakur seni béla diri anu mibanda unsur olahraga murni, saperti gulat, yudo, jeung pencak silat. Saperti olahraga séjénna, dina Bénjang gelut ogé sok dikompetisikeun pikeun ngukur sikap sportif hiji pabénjang. Ka béh dieunakeun kasenian ieu dimekarkeun jadi Bénjang arak-arakan sarta ditambahan topéng Bénjang. Ari Bénjang arak-arakan biasana diayakeun pikeun ngarak budak hitanan dina hajat kariaan. Dina pintonanana, salila sapoé jeput kasenian ieu dibagi jadi tilu bagian nya éta dimimitian ku Bénjang arak-arakan, topéng Bénjang diteruskeun kana Bénjang Gelut; (2) hasil data kapaluruh kandaga kecap anu kapanggih aya 94 kecap (100%) anu dipaké dina kasenian Bénjang, dipaluruh dumasar kana harti kamus jeung lapanganana; (3) warna kecap anu kapaluruh dina kasenian Bénjang nya éta warna kecap lulugu, anu dipasing-pasing deui diantarana nya éta anu mangrupa warna kecap lulugu subwarna kecap barang kapaluruh aya 51 kecap (54,2%), ari anu mangrupa subwarna kecap pagawéan aya 39 kecap (41,5%), ari anu mangrupa subwarna kecap sifat aya 3 kecap (3,1%), ari wangun kecap anu kapaluruh dina kasenian Bénjang nya éta anu mangrupa wangun kecap salancar aya 49 kecap (52,1%), anu mangrupa wangun kecap rundayan aya 12 kecap (12,9%), anu mangrupa wangun kecap rajékan aya 12

kecap (12,9%), sarta anu mangrupa wangun kecap kantétan aya 20 kecap (21,5%); (4) dumasar kana widang istilahna, papasingan kandaga kecap disawang tina waditra kapaluruh aya 12 kecap (12,9), istilah pakakas 10 kecap (9,5%), istilah pakéan aya 14 kecap (14,9%), istilah téhnik/gerak aya 24 kecap (24,9%), istilah ibingan aya 8 kecap (8,6%), istilah ngaran gelar 11 kecap (11,8%), sarta istilah anu aya patalina dina kasenian Bénjang kapanggih aya 14 kecap (15,1%); (5) lian ti sababaraha kacindekan di luhur, bisa dicindekkeun ogé yén kandaga kecap dina kasenian Bénjang téh bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda, luyu jeung Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) anu aya dina materi bahasan kasenian daerah.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kandaga kecap basa Sunda, ngeuyeuban wawasan ogé pangaweruh dina widang kabasaanana, sarta ngamumulé tradisi jeung budaya Sunda dina widang kasenianana, utamana kasenian Bénjang.

Lian ti éta, pikeun dunya atikan, hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran maca di satingkat SMP pikeun nambahan ilmu pangaweruh ngeunaan kabasaan dina mata pelajaran basa Sunda, luyu jeung Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) ngeunaan bahasan kasenian daerah. Ogé pikeun masyarakat, sangkan terus ngamumulé kabudayaan Sunda hususna kasenian Bénjang anu geus langka.